

**SESAMBUNGAN PARADHIGMATIK LAN SINTAGMATIKE TETEMBUANGAN SAJRONE UPACARA PATEG LAYON ING DESA TIUDAN KECAMATAN GONDANG KABUPATEN TULUNGAGUNG**

**Wida Riyantika Safitri**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
widasafitri@mhs.unesa.ac.id

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Tetembungan minangka tembung kang nduweni teges tertamtu gumantung bidhange, kaya bidhang tetanen, pendidikan, budaya, ekonomi, kesehatan, olahraga, lan sapanunggal. Salah sawijine yaiku tetembungan ing budaya ngenani upacara pateg layon. Tetembungan sajrone upacara pateg layon iku akeh banget. Tetembungan kasebut sabanjure bakal digoleki sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike. Adhedhasar bab kasebut, undere panliten yaiku: (1) Apa wae jinise sesambungan paradhigmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung? lan (2) Apa wae jinise sesambungan sintagmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung? Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake sesambungan paradhigmatike lan sintagmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif kang asipat linguistik sinkronis. Dhatane awujud tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung. Banjur dhata kasebut digoleki jinis sesambungan paradhigmatike. Sawise iku dijlentrehake kanthi jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin kanggo nemtokake sesambungan sintagmatike. Saliyane iku, kanggo mbuktakake metodhe agih (distribusional), mligine teknik ganti (substitusi).

Asil panliten iki yaiku, tetembungan sajrone upacara pateg layon nduweni patang jinis sesambungan paradhigmatik arupa hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernime. Asil panliten iki uga nuduhake yen sesambungan sintagmatik nduweni rong sipat yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Sipat enkapsulatif sajrone sintagmatik kalebu tembung kang asipat netep sajrone sesambungan paradhigmatik, dene sipat dhistributif sajrone sesambungan sintagmatik kalebu tembung kang asipat ora netep sajrone sesambungan paradhigmatik.

**Tembung wigati:** sesambungan paradhigmatik, sesambungan sintagmatik, tetembungan sajrone upacara pateg layon.

**PURWAKA**

Isine bab I iki (1) landhesane panliten, (2) punjere lan underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) pajlentrehe tetembungan.

**Landhesane Panliten**

Tetembungan digunakake masyarakat Jawa ing bidhang-bidhang panguripan. Saben bidhang mesthi nduweni tetembungan sing mbedakake bidhang siji lan sijine. Tetembungan sajrone bidhang-bidhang panguripan iku kayata bidhang olahraga, ekonomi, tani, kedhokteran, budaya lan sapanunggal. Dene tetembungan kang digunakake sajrone bidhang budaya

yaiku ana upacara adat adhedhasar perangan sistem kapercayan masyarakat Jawa. Ana upacara adat grebeg, larung sesaji, nyadran, tataurute panguripane manungsa, lan sapanunggal. Sajrone upacara tataurute panguripane manungsa ana upacara lairan, manten, sarta mati. Salah siji upacara tataurute panguripane manungsa kang dienggo materi panliten iki yaiku upacara layon utawa diarani upacara pateg layon.

Tetembungan sajrone bidhang sistem kapercayan subbidhang upacara adat kang nganti saiki isih tetep diugemi masyarakat Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung salah sijine yaiku upacara adat tataurute panguripane manungsa jinis pateg layon jalaran isih tetep dilaksanakake kanthi runtut. Tetembungane

upacara pateg layon iki akeh banget lan mesthi nduweni titikan sing mligi antarane dhaerah siji lan sijine, jalaran saben dhaerah durung mesthi nggunakake tetembungan sing padha. Tuladhane kayata lempung sing dikepeli kang dienggo ganjel sirah, geger, lan sikil nalika layon wis mlebu luwangan ing Desa Tiudan diarani “gendhon”, nanging ing desa liya kaya ing dhaerah Jombang, Nganjuk, Surabaya, lan sapanunggalé ana sing ngarani “gelu”. Mula saka iku, tetembungan sing digunakake ing Desa Tiudan kasebut nuduhake titikan kang mligi tumrap desa iku. Saengga tujuwane panliten iki saliyané kanggo kawruh ngenani tetembungan-tetembungan sajroné upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung, uga kanggo mbedakake tetembungan-tetembungan sing padha tegese nanging beda arane sajroné bidhang lan sub-subbidhang sing padha yaiku upacara pateg layon.

Tetembungan-tetembungan sajroné upacara pateg layon kang digunakake ing Desa Tiudan kalebu tetembungan sing mirunggan banget tinimbang tetembungan ing subbidhang liyané. Kayadene “gendhon”, “ukir”, “bedhah bumi”, “ngelesne”, lan sapanunggalé, tetembungan-tetembungan iku ora tinemu ing upacara temu penganten, tingkeban, lan upacara-upacara liyané. Mula, bisa diarani yen tetembungan sajroné upacara pateg layon iku mirunggan.

Sanadyan sajroné upacara pateg layon ana tetembungan sing padha karo upacara liya nanging tegese lan pangecaké beda, tuladhane tetembungan “beras kuning” lan “dhuwit kricik”. Kekarone tetembungan iku sajroné upacara temu penganten uga ana yaiku digunakake nalika adicara kacar-kucur, beras lan dhuwite dikucurake penganten kakung sajroné kanthongan sing sapu tangan sing dipangku penganten putri. Dene ing upacara pateg layon dienggo sawur ing ndalan nalika layon dibudhalne. Mula, adhedhasar rong tuladha kasebut tetembungan sajroné upacara pateg layon kalebu tetembungan kang manjila. Adhedhasar bab kasebut mula tetembungan sajroné upacara pateg layon narik kawigaten kanggo diteliti.

Sasuwene iki durung tau ana sing nлити wilayahé teges tetembungan sajroné upacara pateg layon, masiya ana nanging tintingane beda. Upacara pateg layon bakal diandharake lan dijlentrehake adhedhasar wilayah teges tetembungan adhedhasar satuwan leksikal, mula bisa diandharake lan dijlentrehake jinis lan sipat sesambungan paradigmatik lan sintagmatike tetembungan. Panliten iki uga bakal nggunakake teori semantik leksikal kanthi ancangan TFDM (teori fitur dhistingtif makna).

Panliten ngenani sesambungan paradigmatik lan sintagmatik uga wis tau ditindakake dening Desiani (2016) kanthi judhul “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Dolanan”. Panlitene Desiani

ngandharake bab wilayahé teges ing bidhang pendhidhikan, ing panliten iki bakal ngandharake bab wilayahé teges ing bidhang sistem kapercayan. Semana uga panlitene Utami (2013) yaiku “Set lan Kolokasi sajroné Upacara Panggih Penganten” nлити bab wilayahé teges yaiku set lan kolokasi ing bidhang sistem kapercayan sub-subbidhang upacara tataurute panguripane manungsa jinis temu penganten, nanging ing panliten iki nлити bab wilayahé teges yaiku tetembungan ing bidhang sistem kapercayan sub-subbidhang upacara tataurute panguripane manungsa jinis pateg layon.

Dhata ing panliten iki arupa tetembungan sajroné upacara pateg layon. Panliten iki dilaksanakake ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung amarga dhaerah kasebut minangka papan panggonane panliti, saengga panliti minangka panutur asli kang luwih ngerti tetembungan-tetembungan sajroné upacara pateg layon kang digunakake ing dhaerah kasebut.

### **Paedahe Panliten**

Asil panliten iki bisa nyengkuyung pangrembakane ilmu semantik ing basa Jawa bab leksikon ngenani sesambungan paradigmatike lan sintagmatik tetembungan sajroné upacara pateg layon, uga dikarepake bisa kanggo dhokumentasi wujud tetembungan sajroné upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung lan dadi alternasi materi pasinaon basa Jawa.

### **Watesane Panliten**

Panliten iki diwatesi telung bab yaiku (1) topik, (2) dhata, lan (3) carane njinggleng. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

- 1) Topik panliten iki yaiku sesambungan paradigmatik lan sintagmatike tetembungan sajroné upacara pateg layon;
- 2) Dhata panliten iki yaiku tetembungan sajroné upacara pateg layon wiwit titisiyaga, titilaksana, lan titipurna ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung;
- 3) Carane jinggleng panliten iki yaiku nganggo teori fitur dhistingtif makna kanthi nggunakake jlentrehan teges lan jlentrehan struktur batin.

### **Panjlentrehé Tetembungan**

Tetembungan kang ana ing panliten iki lima, yaiku (1) sesambungan paradigmatik, (2) sesambungan sintagmatik, (3) hiponim, (4) hipernim, lan (5) tetembungan upacara pateg layon. Tetembungane dijlentrehne ing ngisor iki.

- 1) Sesambungan paradigmatik yaiku sesambungan antarane tataran tertamtu kang wewalikan nanging ora bisa diwolak-walik.
- 2) Sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan linier ing tataran tertamtu antarane unsur-unsur basa.
- 3) Hiponim yaiku sesambungan atarane klas ngisor marang klas ndhuwur kang asipat searah mandhuwur lan ora bisa diwolak-walik.
- 4) Hipernim yaiku sesambungan atarane klas ndhuwur marang klas ngisor kang asipat searah mangisor lan ora bisa diwolak-walik.
- 5) Tetembungan upacara pateg layon yaiku tembung utawa gabungane tembung kang maknane wis netep, pener, menthes, lan manteb sarta mung digunakake ing upacara kang ditindakake kanggo ngramut layon.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isine bab II iki ngenani (1) panliten ngenani sesambungan paradigmatik lan sintagmatik, (2) konsep-konsep ing panliten iki, lan (3) teori kanggo panliten iki. Supaya luwih cetha, sub bab kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### Konsep-Konsep ing Panliten Iki

Konsep-konsep sajrone panliten iki diperang dadi telu yaiku: sesambungan paradigmatik, sesambungan sintagmatik, tetembungan sajrone upacara pateg layon, lan pamerange tetembungan sajrone upacara pateg layon. Supaya luwih cetha konsep-konsep kasebut diandharake ing ngisor iki.

#### Sesambungan Paradigmatik

Miturut de Saussure (1996:16) ngandharake yen sesambungan paradigmatik iku sesambungan ing perangan basa kang padha utawa beda sajrone wujud lan teges, mula diarani sesambungan *asosiatif*. Sesambungan *asosiatif* uga diarani sesambungan *in absentia* jalaran sajrone pocapan perangan-perangan iku ana kang katon uga ana kang ora katon. Sesambungan *in absentia* lan *asosiatif* tembung iku banjur diarani sesambungan paradigmatik.

Parera (1991:42) ngandharake yen sesambungan paradigmatik yaiku sesambungan antarane perangan-perangan basa kang nduweni kaslarasan tertamtu kanthi sistematis. Sesambungan paradigmatik tinemu kanthi cara *substitusi* utawa nyulih tembung liyane. Sesambungan paradigmatik uga nuduhake yen perangan-perangan basa iku klebu sakelas kanggo saben-saben tataran. Parera (2009:66) uga ngandharake yen antarane perangan-perangan basa kanthi paradigmatik iku luwih cundhuk ana ing bab panglumpukane perangan-perangan basa kang satataran lan saklompok kang bisa nyulih ing sawijine wilayah.

Miturut Lyons (1995:74) kabeh perangan basa ana sesambungane karo paradigmatik tumrap satuwan-satuwan liyane kang saajar. Bisa diarani sesambungan paradigmatik dideleng saka ambane golongan satuwan iku karo satuwan liyane gumantung karo tafsiran kang *eksplisit* utawa *implisit* kang gegayutan karo panampane. Saliyane iku saben satuwan leksikal ora bisa madeg dhewe, nanging gumantung tegese leksikon sijine kang sesambungan (Lyons, 1977:256). Andharan iki trep karo andharane Lyons sajrone Ginanjar, Bakdal dkk (2013).

Adhedhasar katrangan para ahli ing ndhuwur bisa didudut yen sesambungan paradigmatik yaiku sesambungan antarane wewalिकane tembung saka perangan-perangane basa sajrone tataran tertamtu kang ora bisa diwolak-walik. Sesambungan paradigmatik bisa diklompokake adhedhasar perangan-perangane kang padha utawa beda kang ora disebutake kanthi langsung sajrone tuturan, mula saka iku sesambungan paradigmatik nduweni sipat netep lan ora netep. Dene perangane sesambungan paradigmatik adhedhasar identitas lan iklusine diperang dadi telu yaiku hiponimi, meronimi, lan sinonimi.

#### Sesambungan Sintagmatik

Sesambungan sintagmatik kalebu sesambungan antarunsur basa sajrone sawijine tataran. Sajrone tataran iku, unsur-unsur kang nduweni sesambungan iku dipocapne. Sintagmatik dhewe kalebu satuwan kang ana ing tataran kang kawujud saka rong unsur kanthi *vertikal*. sawijine tataran bisa disimbolake kanthi XY, tataran iku ngandhut sintagma kang ana ing unsur X lan Y (Ducrot lan Todorov, 1981:106 sajrone Oka lan Suparno, 1995:75).

Parera (2004:92-93) ngandharake yen makna struktural diwujudake sajrone sesambungan sintagmatik perangan-perangane leksikal kang ditata dadi sawijine ukara. Kanggo meruhi yen sesambungan sintagmatik kasebut nduweni makna lan fungsional utawa ora, ditindakake kanthi teknik permutasi utawa diwolak-walik posisine. Yen ana makna kang ora padha antarane rong kategori sintaktik amarga permutasi utawa diwolak-walik posisine tembung sajrone ukara, bisa didudut yen sesambungan kasebut ngandhut makna struktural. Kayata frase “dhokter wanita” lan “wanita dhokter” ora padha makna strukture. Ukara “Lilik nyeluk Yulaikah” karo “Yulaikah nyeluk Lilik” ora padha makna strukture sanajan unsur leksikale nduweni makna kang padha.

Adhedhasar andharane para ahli kasebut bisa didudut yen sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan linier antarane perangan-perangane sajrone tuturan kang ora bisa diwolak-walik struktur leksikale sajrone frasa lan ukara amarga bisa ngowahi makna.

### **Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon**

Tetembungan kalebu perangane semantik leksikal. Saliyane tetembungan, perangane semantik leksikal saliyan tetembungan yaiku tembung, muka tetembungan saajar karo tembung. Semantik leksikal ngrembug bab medan makna, saengga beda karo andharane Adipitoyo (2013) ngenani semantis sintaksis bab gramatikal sing isine ngrembug babagan ater-ater, wuwuhan, lan sapanunggal.

Sajrone *Pedoman Umum Pembentukan Istilah* ngandharake tetembungan yaiku tembung utawa gabungane tembung ngandharake makna konsep, proses, kahanan, utawa kanaan kang khas sajrone kahanan tertamtu. Andharane iki memper karo andharane Djajasudarma (1999:32) tetembungan yaiku jeneng tertamtu kang asipat mligi utawa sawijine jeneng kanthi isi tembung utawa gabungane tembung kang tliti, ngandharake makna, konsep, proses, kahanan, utawa kanaan kanthi tliti.

Tegese tetembungan sajrone subsub-subab ing ndhuwur yaiku tembung utawa gabungane tembung kang nduweni makna utawa teges tertamtu ing bidhang panganggone saengga bisa didudut, tetembungan sajrone bidhang sistem kapercayan subbidhang upacara adat sub-subbidhang upacara adat tataurute panguripane manungsa jinis upacara pateg layon yaiku tetembungan-tetembungan kang mirunggan ing kang ana ing upacara pateg layon lan nduweni teges pesthi kang kajupuk saka masyarakat kang manggon ing sawijine dhaerah tertamtu.

### **Teori kanggo Panliten iki**

Teori kanggo njlentrehake tetembungan yaiku nggunakake jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin. Luwih cethane bisa dideleng andharane ing ngisor iki.

### **Jlentrehan Perangan Teges**

Sakabehe tetembungan nduweni makna kang beda karo tetembungan liya. Kanggo mbedakake antarane tetembungan-tetembungan iku nggunakake jlentrehan perangan utawa perangan semantis. Miturut Gudai (1989:24) jlentrehan perangan teges nduweni gagasan yen tembung iku ora mujudake tembung tunggal kang ora bisa dijlentrehake, nanging tembung kasebut minangka perangan-perangane teges, saengga bisa dingerteni yen perangan tembung kasebut mujudake tembung kang nduweni teges sawilayah. Andharane iki cundhuk karo andharane Gudai sajrone Wulandari (2016).

Panjlentrehe perangan teges nggunakake tabel sing nduweni telung jinis tandha yaiku (+) ateges perangane teges bisa ditampa. Tandha (-) ateges perangane teges ora bisa ditampa. Banjur tandha ( $\pm$ ) kang tegese luwih saka siji uga nduweni teges yen komponen

tembung bisa ditampa utawa ora bisa ditampa. Saliyane iku, kanggo mbedakake makna tembung-tembung kang nduwe teges sawilayah uga nganggo komponen-komponene makna.

### **Jlentrehan Struktur Batin**

Gudai (1989:28) ngandharake yen jlentrehan struktur batin nggambarake anane sesambungan antarane teges leksikal lan teges ukara, antarane sintaksis lan semantis minangka bab kang nyawiji. Mula ana sesambungan karo andharane ngenani teori sintaksis lan semantik. Kaya dene nadharane Surana (2017) kang ngrembug bab inferensi nanging uga ana sesambungane karo leksikal.

Basa iku ana jalaran anane ukara-ukara kang ora winates cacache. Umume basa ora mung dumadi saka unsur kang *linier* (horisontal) saka tembung-tembung. Kanggo ndudut aspek *hierarki* basa, para ahli basa netepake aturan-aturan kang ana sajrone paramasastra transformasi kang diarani kaidah struktur frasa.

Adhedhasar panemune para ahli ing ndhuwur bisa didudut yen struktur batin (*deep structure*) yaiku struktur semantis kang ana sajrone frasa utawa ukara. Anane frasa utawa ukara kang nduweni makna kang wis nyawiji lan utuh. Mula, jlentrehan struktur batin bisa kanggo njlentrehake sipate sesambungan sintagmatik. Sajrone jlentrehan struktur batin ana sesambungan antarane teori sintaksis lan semantik.

## **METHODENE PANLITEN**

### **Jinise Panliten**

Panliten kalebu panliten linguistik dheskriptif amarga sajrone panliten iki nlinti sesambungan paradigmatik lan sintagmatik tetembungan bab upacara pateg layon kanthi apa anane ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung. Jinis panliten iki cundhuk karo andharane Pairin (2015) ngenani bab ragam basa kang uga kalebu jinis panliten linguistik.

### **Sipate Panliten**

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik sinkronis amarga basa kang dienggo yaiku basa ing jaman saiki. Basa kang diteliti sajrone panliten iki yaiku basa kang dituturake dening panutur ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung ngenani upacara pateg layon.

### **Instrumen Panliten**

Instrumen panliten iki kaperang dadi loro, yaiku nglumpukake dhata lan njlentrehake dhata. Nglumpukake dhata yaiku golek dhata tetembungan marang panutur kanthi nggunakake piranti kanggo nyatet kang arupa

pulpen lan buku tulis, sarta piranti kanggo ngrekam swarane panutur kang arupa *handphone*. Dene nganalisis dhata yaiku njlentrehake lan ngandharake dhata nggunakake bagan, dhafatar, lan tabel.

#### **Tatacara Nglumpukake Dhatane Panliten**

Tatacara nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake metodhe semak lan metodhe cakap. Metodhe semak yaiku metodhe kang digunakake kanggo golek dhata kanthi cara nyemak panganggone basa (Mahsun, 2014:92). Metodhe semak bisa ditrapake kanthi saperangan teknik, yaiku teknik sadhap, teknik semak bebas libat cakap, lan teknik cathet. Andharan luwih cethane kaya mangkene (1) Teknik sadhap minangka teknik dhasar sajrone metodhe semak, amarga semak diwujudake kanthi cara nyadhap panganggone basa lan sawijine pawongan utawa pirang-pirang pawongan kang dadi narasumber (Mahsun, 2014:92); (2) Teknik semak bebas libat cakap yaiku panliti mung nyemak panganggone basa dening narasumber tanpa melu cecaturan; (3) Teknik cathet yaiku nyathet sakabehe wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara (Mahsun, 2014:131).

Luwih jangkepe tatarane nglumpukake dhata diandharake kanthi urutan yaiku (1) panliti nyiyapake pitakonan kang ana sesambungane karo tetembungan ing upacara pateg layon; (2) panliti nindakake wawancara banjur nyemak wangsulane para narasumber; (3) panliti nyathet tetembungan ing upacara pateg layon minangka dhata panliten; (4) lan dhata kang kasil diklumpukake dipirang adhedhasar pameran tetembungan ing upacara pateg layon.

#### **Tatacara Njlentrehake Dhatane Panliten**

Anggone njlentrehake dhata yaiku nggunakake jlentrehan perangan teges lan jlentrehan struktur batin. Dhatane yaiku arupa tetembungan-tetembungane upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung. Dhata kang arupa tetembungan-tetembungan sajrone sesambungan paradhigmatik sabanjure dijlentrehake adhedhasar hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Dene dhata sintagmatik dijlentrehake kanthi njlentrehan perangan tegesne. lan jlentrehan struktur batin, kang dhasare saka dhata paradhigmatik.

Saliyane nggunakake perangan teges lan struktur batin, metodhe kang digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake jinise sipat sesambungan sintagmatik yaiku kanthi metodhe agih utawa metodhe dhistribusional. Miturut Sudaryanto (1993:15) metodhe dhistribusional yaiku metodhe analisis dhata kang pirantine saka perangan basa iku dhewe dadi perangan kang nemtokake analisis. Metodhe dhistribusional kanggo mbuktèkake

jinise sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon.

Adhedhasar metodhe dhistribusional iku, teknik kang dianggep salaras lan bisa kanggo njlentrehake jinise sipat sesambungan sintagmatike tetembungan ing upacara pateg layon yaiku nggunakake teknik ganti. Teknik ganti yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara ngganti unsur satuwan basa nggunakake unsur satuwan basa uga, yaiku unsur satuwan basa pangganti (Sudaryanto, 1993:48). Teknik ganti nggunakake tandha centhang ( $\sqrt{\quad}$ ) lan tandha (-). Tandha centhang ( $\sqrt{\quad}$ ) kanggo nuduhake yen tembung bisa ditampalan tandha (-) kanggo nuduhake yen tembung ora bisa ditampa ing sawijine klompok pameran upacara pateg layon.

#### **JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN**

Isine bab IV iki, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, lan (2) asil panliten lan dhiskusi asil panliten. Luwih cethane ana ing ngisor iki.

##### **4.1 Andharan lan Jlentrehan Dhata**

Andharan lan jlentrehan dhata panliten iki dipantha dadi loro, yaiku (1) jinise sesambungan paradhigmatik ing tetembungan sajrone upacara pateg layon lan (2) jinise sesambungan sintagmatik ing tetembungan sajrone upacara pateg layon. Tetembungan kang ana ing upacara pateg layon diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

##### **4.1.1 Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon**

Sesambungan paradhigmatik nduweni rong perangan yaiku adhedhasar jinis lan sipate sesambungan kasebut. Jinise sesambungan paradhigmatik ana papat, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Dene sipate ana loro yaiku netep lan ora netep. Kekarone padha-padha nduweni sesambungan, amarga sadurunge nemokake sipat netep lan ora netepe, luwih dhisik digoleki jinise sesambungan paradhigmatike. Patang jinis sesambungan paradhigmatik iku nduweni titikan dhewe-dhewe.

##### **4.1.1.1 Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Arupa Hiponim**

Jinise sesambungan paradhigmatik kang kapisan yaiku hiponim. Hiponime tetembungan ing upacara pateg layon bisa digoleki saka titikane hiponim yaiku sesambungan antarane klas ngisor marang klas ndhuwur utawa sesambungan antarane makna mligi marang makna umume tetembungan kang sipate ora bisa diwolak-walik. Sipate hiponim kang ora bisa diwolak-walik ateges


sesambungane antarane klas ngisor marang klas ndhuwur mau ora bisa yen diwalik saka klas ndhuwur marang klas ngisor, nanging kudu saka klas ngisor marang klas ndhuwur. Saengga sesambungan hiponim iki digambarake kanthi tandha panah mandhuwur (↑).

1) **Hiponim Tetembungan sajrone Titisiyaga**

a) **Hiponim Tetembungan sajrone Adicara Nglayoni**

Hiponim tetembungan sajrone adicara nglayoni dititiki saka tetembungane sing sesambungan saka ngisor-mendhuwur lan ora bisa diwolak-walik utawa searah mandhuwur. Tetembungan sajrone adicara nglayoni diklompokake dadi loro yaiku tatacarane lan ubarampene nglayoni. Mula, tatacarane lan ubarampene nglayoni minangka klas ngisor utawa subordinat dene nglayoni minangka klas ndhuwur utawa superordinat. Luwih cethane anggone ngerteni perangan adicara nglayoni bisa dideleng ing bagan ngisor iki.

**Bagan 4.4**  
**Hiponime Tetembungan Adicara Nglayoni**



Adhedhasar bagan ing ndhuwur nuduhake yen tetembungane adicara nglayoni diperang dadi rong klompok yaiku adhedhasar tatacarane lan ubarampene nglayoni. Saengga tatacara lan ubarampene nglayoni sesambungan hiponim marang adicara nglayoni, amarga kekarone manggon ing sangisore adicara nglayoni. Bagan ing ndhuwur uga nuduhake yen sesambungan iku sipate searah saka ngisor mara mandhuwur. Mula, digambarake karo tandha panah searah madhep mendhuwur.

Saliyane tatacara lan ubarampene nglayoni sing sesambungan hiponim, sajrone klompok tatacara lan ubarampe iku nduweni tetembungan-tetembungan. Tetembungan sajrone klompok tatacarane nglayoni ana wolu, yaiku ngomongi tangga, ngabari dulur, ngomongi Modin, laporan RT/RW, nyiyarne neng langgar, ngomongi juru kunci, njupuk pandhosa, lan masang gendra kang nduweni sesambungan hiponim marang tatacarane nglayoni lan adicrane nglayoni amarga manggon ing sangisore tatacara sajrone adicrane nglayoni. Mula saka kuwi, ngomongi tangga mesthi tatacara kawitane nglayoni sadurunge ngabari dulur, ngomongi Modin, laporan RT/RW, nyiyarne neng langgar, ngomongi juru kunci, njupuk pandhosa, lan masang gendra. Saengga sajrone tatacarane adicara

nglayoni ora mung ngomongi tangga nanging ana ngabari dulur, ngomongi Modin, lan sapanunggal.

4.1.1.2 **Sesambungan Paradigmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Arupa Kohiponim**

Jinise sesambungan paradigmatik kang kapindho yaiku kohiponim. Kohiponime tetembungan ing upacara pateg layon bisa digoleki kanthi anane sesambungan saben anggota klase sing manggon ing sangisore superordinat sajrone upacara pateg layon. Sipate kohiponim iku wewalikan sing nduweni rong arah ngiwa nengen saengga sesambungan kohiponim iki digambarake kanthi tandha panah arah ngiwo nengen (↔).

1) **Kohiponim Tetembungan sajrone Titisiyaga**

a) **Kohiponim Tetembungan sajrone Adicara Nglayoni**


Kohiponim tetembungan ing adicara nglayoni bisa digoleki sesambungane saben anggota klase sing manggon ing sangisore superordinat utawa klas ndhuwur. Adhedhasar bagan 4.4 hiponim perangan tetembungan nglayoni nuduhake anane tandha panah horisontal kang sipate rong arah. Mula saka kuwi, saben kothakan kang diuwuhi tandha panah iku nduweni sesambungan kohiponim. Kaya dene sesambungan antarane tatacarane nglayoni kohiponim karo pirantine nglayoni, saengga bisa luwih dhisik nindakake tatacara utawa nyawisake pirantine.

Saliyane iku antarane tetembungan sajrone tatacarane adicara nglayoni yaiku ngomongi tangga karo ngabari dulur, ngomongi Modin, laporan RT/RW, nyiyarne neng langgar, ngomongi juru kunci, njupuk pandhosa, lan masang gendra nduweni sesambungan kohiponim. Nanging tetembungan sajrone pirantine nglayoni ora nduweni sesambungan kohiponim jalaran cacah tetembungane mung ana siji.

4.1.1.3 **Sesambungan Paradigmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Arupa Hipernim**

Jinise sesambungan paradigmatik kang nomer telu yaiku hipernim. Sesambungan hipernim yaiku anane sesambungan antarane klas ndhuwur marang klas ngisor kang asipat searah, ateges ora bisa diwolak-walik. Klompok klas ndhuwur diarani superordinat dene klompok klas ngisor diarani subordinat. Sesambungan iki digambarake kanthi tandha panah mangisor (↓). Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing ngisor iki.

**Bagan 4.30**  
**Hipernim Tetembungan ing Upacara Pateg Layon**




Adhedhasar bagan 4.30 ing ndhuwur bisa diweruhi yen pamerange tetembungan ing upacara pateg layon ana telu yaiku, titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Katelu pamerange tetembungan ing upacara pateg layon iku minangka klas ngisor utawa subordinat lan upacara pateg layon dhewe minangka klas ndhuwur. Mula saka kuwi bisa didudut yen upacara pateg layon minangka superordinate titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Saliyane iku sipate searah, amaraga digambarake panah arah mangisor.

**1) Hipernim Tetembungan sajrone Titisiyaga**

Sesambungan paradhigmatik sajrone titi siyaga ing upacara pateg layon kang awujud hipernim luwih dhisik dingerteni tegese hipernim. Titikane hipernim yaiku anane sesambungan antarane klas ndhuwur marang klas ngisor kang asipat searah, ateges ora bisa diwolak-walik. Klompok klas ndhuwur diarani superordinat dene klompok klas ngisor diarani subordinat. Mula saka kuwi sesambungan hipernim yaiku sesambungan antarane kalsa ndhuwur kang diarani superordinat karo klas ngisore (subordinat) kang sipate searah mara mangisor lan ora bisa wolak-walik. Luwih gamblange sesambungan hipernime titisiyaga bisa dideleng ing bagan ngisor iki.

**Bagan 4.31**  
**Hipernim Perangane Adicara Titisiyaga**



Adhedhasar bagan 4.31 ing ndhuwur bisa diweruhi yen titisiyaga nduweni sangang adicara yaiku nglayoni, ngeles, ngukur layon, milih papan, nggawe omahan, cecawis, olah-olah, ngronce kembang, lan nggawe sawur. Kabeh adicara iku nduweni tetembungan dhewe-dhewe. Saka gambar tandha panah mangisor bisa dingerteni yen titisiyaga minangka soperordinate nglayoni, ngeles, ngukur layon, milih papan, nggawe omahan, cecawis, olah-olah, ngronce kembang, lan nggawe sawur kang sipate searah mangisor.

**4.1.1.4 Sesambungan Paradhigmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Arupa Kohipernim**

Sesambungan paradhigmatike ing upacara pateg layon kang arupa kohipernim bisa dideleng saka tegese yaiku anane sesambungan ing antarane tetembungan-tetembungane upacara pateg layon kang dadi perangane kang gedhe saka makna sing ana ing klas ndhuwur. Sing dimaksud perangan gedhe yaiku superordinat. Sesambungan iku ditudhiki kanthi anane tandha panah (→). Sabanjure diandharake lan dijlentrehake pepanthane upacara pateg layon kanthi nggoleki sesambungan kohipernime.

**1) Kohipernim Tetembungan sajrone Titisiyaga**

Jinis sesambungan paradhigmatik kang arupa kohipernim sajrone titisiyaga bisa ditudhiki kanthi cara nggoleki perangan sing dadi superordinate, amarga sesambungan kohipernim nuduhake anane sesambungan antarane klas ngisor sing nduweni perangan maneh. Saliyane iku sesambungan kohipernim sipate searah mengiwa. Luwih cethane bisa dideleng ing bagan ngisor iki.

Adhedhasar bagan 4.32 ing ndhuwur bisa diweruhi sajrone titisiyaga nduweni sangang adicara, yaiku nglayoni, ngeles, ngukur layon, milih papan, nggawe omahan, cecawis, olah-olah, ngronce kembang, lan nggawe sawur. Sangang adicara iku digunakake kanggo nglompok-nglompokake tetembungane upacara pateg layon sing kalebu ing pepanthan titisiyaga, saengga sangang adicara iku nduweni perangan luwih cilik maneh, adicara-adicara iku bisa dadi superordinat saka perangan-perangane. Mula saka kuwi, adicara nglayoni, ngeles, ngukur layon, milih papan, nggawe omahan, cecawis, olah-olah, ngronce kembang, lan nggawe sawur nduweni sesambungan kohipernim sing ditandhai panah arah mengiwa (→) ateges sajrone nglaksanakake adicrane titisiyaga kudu runtut wiwit saka nglayoni banjur adicara ngeles sateruse nganti adicara nggawe sawur, saengga sesambungan iku yen durung nglaksanakake nglayoni durung bisa nglaksanakake adicara ngeles lan sateruse.

**4.1.2 Sipate Sesambungan Sintagmatik Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon**

Sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan ing antarane satuwan basa kang asipat linier utawa saajar. Sipat-sipat sesambungan sintagmatik tetembungan sajrone upacara pateg layon ana loro, yaiku dhistributif lan enkapsulatif. Ana ing sesambungan sintagmatik tetembungan-tetembungan sajrone upacara pateg layon. Adhedhasar jinis sipat sesambungan sintagmatik, mula sipate sesambungan sintagmatik

tetembungan sajrone upacara pateg layon diperang dadi loro yaiku (1) sipat enkapsulatife tetembungan sajrone upacara pateg layon lan (2) sipat dhistributife tetembungan sajrone upacara pateg layon. Kekarone sipat sesambungan sintagmatik kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

**4.1.2.1 Sipate Sesambungan Sintagmatik Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Arupa Enkapsulatif**

Sipate sesambungan sintagmatik enkapsulatif ing perangan titisiyaga bisa diweruhi adhedhasar tetembungan kang sipate netep sajrone sesambungan paradhigmatik. Tegese, tetembungan-tetembungan kasebut mung ana ing sawijine perangan titisiyaga lan ora ana ing perangan titisiyaga liyane.

Fitur dhistingtif makna yaiku cara kanggo mbedakake tetembungan kanthi ndeleng saka jlentrehan-jlentrehane teges sing ana ing njerone tetembungan kasebut. Jlentrehane teges kasebut sing mengko bisa dadi titikan sing luwih mligi kanggo negesi tetembungan sing ana. Luwih cethane bisa dideleng jlentrehan makna ing ngisor iki.

**Tabel 4.1**  
**Drajat Pepadhane Tetembungan sajrone Titisiyaga kang Asipat Netep**

No.	Tetembungane	a	b	c	d	e	f	g	h	i	j	k	DP
1	ngomongi tangga	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90,9%
2	ngomongi dulur	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90,9%
3	ngomongi Modin	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90,9%
4	laporan RT/RW	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90,9%
5	nyiyarne neng langgar	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90,9%

Katrangan:

- a= tatacarane nglayoni
- b= tatacarane ngeles
- c= tatacarane ngukur layon
- d= tatacarane milih papan
- e= tatacarane nggawe omahan
- f= panggaweane cecawis
- g= tatacarane olah-olah
- h=ubarampene ngronce kembang
- i= tatacarane nggawe sawur
- j= ubarampene adicara
- k= pirantine adicara

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni drajat pepadhane tetembungan kang asipat netep sajrone tata urut adicarane titisiyaga kuwi kabeh padha, yaiku 90,9%. Drajat pepadhan kasebut bisa diweruhi kanthi cara ngetung prosentase tandha (-). Banjur saka drajat pepadhane bisa diterangake yen ana sangang fitur dhistingtif. Fitur dhistingtif utawa fitur pambada ing kene minangka tandha kanggo mbedhakake satuwan-satuwane basa. Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur, kang dadi fitur dhistingtif yaiku perangane saka bageyane titisiyaga. Saben-saben tetembungan iku mau mung ana ing perangan adicara titisiyaga wae. Mula tetembungan-tetembungan kasebut sipate netep utawa ora bisa dhistribusi, amarga ora bisa diganti tembung liyane. Dene

tegese saben tetembungan ing tabel kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

(1) ngomoni tangga

Tetembungan sing kalebu upacara pateg layon, subbidhang titisiyaga, sub-subbidhang nglayoni adhedhasar tatacarane adicara. Ngomongi tangga nduweni tegese, yaiku adicara sajrone titisiyaga adhedhasar perangan tatacarane adicara nglayoni kanthi awèh kabar marang tangga supaya kulawargane layon ana sing ngewangi nata-nata omah lan nyawisake ubarampe lan pirantine layon.

(2) ngabari dulur

Tetembungan sing kalebu upacara pateg layon, subbidhang titisiyaga, sub-subbidhang nglayoni adhedhasar tatacarane adicara. Ngabari dulur nduweni tegese, yaiku adicara sajrone titisiyaga adhedhasar perangan tatacarane adicara nglayoni kanthi awèh kabar marang dulur supaya layon dirumat akro dulur-dulure.

(3) ngomongi Modin

Tetembungan sing kalebu upacara pateg layon, subbidhang titisiyaga, sub-subbidhang nglayoni adhedhasar tatacarane adicara. Ngomongi Modin nduweni tegese, yaiku adicara sajrone titisiyaga adhedhasar perangan tatacarane adicara nglayoni kanthi awèh kabar marang Modin supaya layon cepet dirumat, amarga sajrone upacara iki Modin minangka pranata adicarane upacara pateg layon.

(4) laporan RT/RW

Tetembungan sing kalebu upacara pateg layon, subbidhang titisiyaga, sub-subbidhang nglayoni adhedhasar tatacarane adicara. Laporan RT/RW nduweni tegese, yaiku adicara sajrone titisiyaga adhedhasar perangan tatacarane adicara nglayoni kanthi cara kandha marang RT/RW yen ana salah siji wargane sing ninggal ndonya.

(5) nyiyarne neng langgar

Tetembungan sing kalebu upacara pateg layon, subbidhang titisiyaga, sub-subbidhang nglayoni adhedhasar tatacarane adicara. Nyiyarne neng langgar nduweni tegese, yaiku adicara sajrone titisiyaga adhedhasar perangan tatacarane adicara nglayoni kanthi cara diwara-wara nganggo coronge langgar supaya kabeh warga desane krungu kabar layon.



**Tabel 4.3**  
**Enkapsulasine Tetembungan Adicrane Titisiyaga**

Tipe makna Tetembungane	adicrane nglayoni		adicrane ngeles		adicrane ngkat layon		adicrane milih papun		adicrane negawe omahan		adicrane cecawis		adicrane masuk-masuk		adicrane nggonce kembang		adicrane negawe sawur	
	tatacarane	uburan/pate	tatacarane	uburan/pate	pirantine	tatacarane	pirantine	tatacarane	uburan/pate	pirantine	tatacarane	uburan/pate	tatacarane	uburan/pate	tatacarane	uburan/pate	tatacarane	uburan/pate
ngomongi tangga	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
ngomongi duhur	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
ngomongi Modin	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
laporan RT/RW	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
nyiyarne neng lan gear	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-

Tabel ing ndhuwur mbuktekake yen tetembungan sajrone upacara pateg layon kang asipat enkapsulatif ora bisa disubstitusi utawa diganti tatacarane. Saliyane iku, saben tetembungan kang asipat enkapsulatif uga nuduhake pola kasalarasan karo tipe maknane. Mula, tetembungan kang bisa ditampa ing tabel ndhuwur diwenehi tandha centhang (√), dene tandha setri (-) nuduhake yen tetembungan kasebut ora bisa dtampa. Yen tatacarane utawa tetembungane diganti salah siji, surasane bakal beda. Tuladhane ngomongi Modin iku perangan tatacarane nglayoni. Tetembungan ngomongi Modin utawa tatacarane nglayoni ora bisa diganti salah sijine. Ora bisa ditampa yen tetembungan ngomongi Modin diganti nyedhakepne, jalaran nyedhakepne perangan tatacarane ngeles. Semana uga taturute nglayoni ora bisa diganti tatacarane ngeles lan liyane, jalaran perangan tatacarane nglayoni yaiku ngomongi Modin, dene tatacarane ngeles yaiku nyedhakepne.

#### 4.1.2.2 Sipate Sesambungan Sintagmatik Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon kang Asipat Dhistributif

Sesambungan sintagmatik kang nduweni sipat dhistributif yaiku sesambungan kang ana sajrone tetembungan sing nduweni panggonan luwih saka siji utawa bisa didistribusikake. Tetembungan kang asipat dhistributif bisa diwenehi adhedhasar sipat ora netep sajrone sesambungan paradigmatik. Adhedhasar panjlentrehe sipate sesambungan paradigmatik sadurunge, yaiku sipate ora netep kang tegese tetembungane sipate substitutif utawa ora mung ana ing sapanggonan. Mula, tetembungan kang asipat ora netep iku ing sesambungan sintagmatik bisa asipat dhistributif. Tetembungan sajrone upacara pateg layon kang asipat dhistributif ana telung perangan yaiku adhedhasar tata urutan titisiyaga, titilaksana, lan titipurna.

Fitur dhistingtif makna yaiku cara kanggo mbedakake tetembungan kanthi ndeleng saka perangan-perangan teges sing ana ing njerone tetembungan kasebut. Perangan-perangan teges kasebut sing mengko bisa dadi titikan sing luwih mligi kanggo negesi tetembungan sing ana. Luwih cethane bisa dideleng jlentrehan makna ing ngisor iki.

**Tabel 4.13**  
**Drajat Pepadhane Tetembungan sajrone Titilaksana kang Asipat Ora Netep**

No.	Tetembungane	a	b	c	d	e	f	g	h	i	DP
1	nggotong	+	+	+	+	+	-	-	-	-	44,4%
2	meja	-	-	-	-	-	+	+	+	+	55,5%
3	mindhah	-	+	+	-	-	-	-	-	-	77,8%

Katrangan:

- a = tatacarane ngedusi
- b = tatacarane ngulesi
- c = tatacarane nyolati
- d = tatacarane mbudhalne
- e = tatacarane ngubur
- f = piranti ngulesi
- g = meja biasa
- h = piranti nyolati
- i = meja pandhosa

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa dingerteni yen drajat pepadhane tetembungan sajrone upacara pateg layon adhedhasar pepanthane titi laksana mawa etungan kang asipat ora netep ana ing sisih tengen. Diwiwit saka drajat kang endhek dhewe, yaiku 44,4%, 55,5%, lan 77,8%. Drajat pepadhane tetembungan-tetembungane ora padha, masiya ana sing padha nanging fitur dhistingtife beda. Drajat kasebut bisa diweruhi saka 9 fitur dhistingtife titi purna. Luwih cethane kaya ing ngisor iki.

#### (1) Drajat 44,4%

Tetembungan nggotong drajate yaiku 44,4%. Dhasar pepadhane tetembungan nggotong yaiku tatacarane ngedusi, tatacarane ngulesi, tatacarane nyolati, tatacarane mbudhalne, lan tatacarane ngubur. Mula tegese nggotong yaiku bageyan tata urutan titi laksana adhedhasar tatacarane kang manggon ing adicara ngedusi, ngulesi, nyolati, mbudhalne, sarta ngubur.

#### (2) Drajat 55,5%

Tetembungan meja drajate yaiku 55,5%. Dhasar pepadhane tetembungan meja yaiku adhedhasar pirantine ngulesi, meja biasa, pirantine nyolati, meja pandhosa sajrone titi laksana. Mula saka iku, tetembungan meja nduweni teges pirantine tata urutan titi laksana ing adicara ngulesi kanthi meja biasa, lan ing adicara nyolati nggunakake meja pandhosa.

(3) Drajat 77,8%

Kang kalebu drajat 77,8% yaiku tetembungan mindhah. Tetembungan mindhah nduweni pepadhan adhedhasar tatarane ngulesi lan tatarane nyolati. Mula saka iku, tetembungan dipindhah ing meja nduweni teges tatacara kang ana ing upacara pateg layon nalika adicara ngulesi lan nyolati layon.

Saka andharan ing ndhuwur dingerteni tetembungan-tetembungan sing asipat netep sajrone titilaksana ing upacara pateg layon. Tetembungan-tetembungan iku uga wis diweruhi drajat pepadhane kanthi asil etungan. Sabanjure bakal dibedakake antarane tetembungane kanggo meruhi tipe maknane tetembungan. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Tabel 4.15

Dhistribusine Tetembungan Adicarane Titilaksana

Tipe makna Tetembungane	ngedusi	ngulesi	nyolati	ngubur
nggotong	√	√	√	√
mindhah	√	√	√	-
meja	-	√	√	-

Tabel ing ndhuwur nuduhake yen patang tetembungan kang asipat dhistributif bisa digunakake ing luwih saka saperangan adicarane titilaksana. Tuladhane tetembungan nggotong minangka salah siji tatarane ngedusi layon, layon digotong ing panggon kanggo ngedusi. Saliyane iku sajrone adicara ngulesi, nyolati, lan ngubur layon kudu digotong supaya mapan ing panggonane. Nanging ing antarane telung tata urute upacara pateg layon nggotong ora ana sajrone tata urut titisiyaga lan titipurna, jalaran nggotong mung bisa manggon ing luwih saka saperangan adicarane upacara pateg layon nanging kudu ing tata urut titilaksana wae. Dadi tetembungan kang asipat dhistributif ora mung manggon ing salah siji adicarane titilaksana, nanging bisa disubstitusi ing adicara-adicara liyane sajrone titilaksana.

4.2 Asil Panliten lan Dhiskusi Asil Panliten

Asil panliten diandharake adhedhasar andharan lan jlentrehane dhata ngenani sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike tetembungan sajrone upacara pateg layon. Adhedhasar andharan lan jlentrehan kasebut bisa dingerteni yen tetembungan sajrone upacara pateg layon diklompokake dadi telung pepanthan adhedhasar taturut adicarane upacara pateg layon. Telung pepanthane upacara pateg layon yaiku titisiyaga,

titilaksana, lan titipurna. Saben pepanthane nduweni adicara-adicara kang kudu dilaksanakake sajrone upacara pateg layon. Tetembungan-tetembungane upacara pateg layon manggon ing sanjeron adicara-adicarane. Banjur tetembungan sajrone upacara pateg layon kasebut digoleki sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike. Tetembungane luwih dhisik digoleki jinis sesambungan paradhigmatike, yaiku hipernim, kohipernim, hiponim, lan kohiponim saengga bakal diweruhisipate sesambungan paradhigmatik yaiku netep lan ora netepe. Sarta sipate sesambungan sintagmatik yaiku enkapsulatif lan dhistributif.

Tetembungan kang asipat netep sajrone titisiyaga ana 72 tetembungan. Tetembungan-tetembungan kasebut kasebar ana ing perangan-perangan adicarane titisiyaga yaiku nglayoni, ngeles, ngukur layon, milih papan, nggawe omahan, tetukon, masak-masak, ngronce kembang, lan nggawe sawur. Banjur tetembungan kang asipat netep sajrone titilaksana ana 70 tetembungan. Tetembungan-tetembungane manggon ing perangan-perangan adicarane titilaksana yaiku ngedusi, ngulesi, nglerem, nyolati, mbudhalne, lan ngubur. Tetembungan kang asipat netep sajrone titipurna cacahane ana 8 tetembungan kang ana sajrone adicara gendhuren geblake lan slametan pengetan geblake layon.

Saka telung pepanthan kang nduweni sipat netep akeh dhewe yaiku titilaksana, jalaran pepanthan iku nduweni tetembungan paling akeh dhewe. Dadi cacahane tetembungan ing upacara pateg layon kang asipat netep sajrone sesambungan paradhigmatik ana 150 tetembungan. Tetembungan kang asipat netep uga ora bisa ditemokake ing sakabehe perangan adicarane upacara pateg layon, nanging mung ana ing perangan adicara sing wis disebutake ing ndhuwur.

Saliyane sipat netep, sesambungan paradhigmatike tetembungan ing upacara pateg layon uga ana sipat ora netep. Cacahane tetembungan ing pepanthan titisiyaga kang asipat ora netep ana 9 tetembungan, kang manggon ing 7 perangan adicarane titisiyaga. Tetembungan ing pepanthan titilaksana kang asipat ora netep ana 3 tetembungan kang kasebar ing 5 perangan adicarane titilaksana. Sarta tetembungan kang asipat ora netep ing pepanthan titipurna ana 21 tetembungan kang manggon ing 9 perangan adicarane titipurna.

Panliten kang nduweni sesambungan karo upacara adat Jawa wis tau diandharake Utami (2013) upacara adate yaiku upacara panggih penganten. Upacara panggih penganten anggone nлити ngenani jinise sipat sesambungan paradhigmatik ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi. Set sajrone upacara panggih penganten diandharake adhedhasar platarane, jalaran plataran kasebut mujudake wilayahe teges tembung kang nduweni komponen makna. Mula

andharan kasebut adhedhasar titilaksana, ubarampe, sarta piranti kang digunakake sajrone upacara panggih penganten. Saliyane iku konsep ngenani set uga sesambungan karo hiponim, hipernim, lan kohipernim. Dene anggane njlentrehake kolokasi kang nuduhake sipat sesambungan sintagmatik nggunakake struktur batin yaiku kanthi tataran ukara. Mula bisa weruhi bedane panliten iki karo panlitene Utami. Banjur anane panliten tetembungan sajrone upacara pateg layon adhedhasar pakaryane utawa tembung kriyane lan tembung aran kang manggon ing telung pepanthane upacara pateg layon iki supaya panliten-panlitene basa mligine tetembungan sajrone bidhang sistem kaperacayan subbidhang upacara adat sub-subbidhang upacara adat luwih maneka warna.

Panliten iki uga bisa ditandhingake karo panlitene Desiani (2016). Temane panliten iki memper karo temane Desiani yaiku sesambungan paradigmatik lan sintagmatik, nanging topike sing beda. Saliyane iku Desiani mung ngandharake rong jinis sesambungan paradigmatik yaiku hiponim lan hipernim. Mula saka kuwi panliten iki njangkepi panlitene Desiani kanthi ngandharake patang jinis sesambungan paradigmatik yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim.

Adhedhasar dhiskusi ing ndhuwur bisa didudut yen tetembungan sajrone bidhang sistem kaperacayan subbidhang upacara adat sub-subbidhang upacara adat tataurute panguripane manungsa jinis upacara pateg layon mligine ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung nduweni sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Jinise sesambungan paradigmatik tetembungan sajrone bidhang sistem kaperacayan subbidhang upacara adat sub-subbidhang upacara adat tataurute panguripane manungsa jinis upacara pateg layon ana 4, yaiku hipernim, kohipernim, hiponim, lan kohiponim. Lumantar konsep jinis sesambungan paradigmatik bisa dingerteni sipate tetembungan kang netep lan ora netep. Sabanjure jinise sesambungan sintagmatik tetembungan sajrone bidhang sistem kaperacayan subbidhang upacara adat sub-subbidhang upacara adat tataurute panguripane manungsa jinis upacara pateg layon ana 2, yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Sipat enkapsulatif adhedhasar sipate netepe tetembungan sajrone sesambungan paradigmatik, dene tetembungan kang asipat dhistributif adhedhasar sipate ora netepe sajrone sesambungan paradigmatik.

## **PANUTUP**

Isine bab V iki kaperang dadi loro, yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga. Andharan luwih cethane ing ngisor iki.

## **Dudutan**

Panliten ngenani tetembungan sajrone upacara pateg layon nuduhake anane tetembungan kang nduweni sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Adhedhasar sesambungan iku mula bisa dicethakne yen tetembungane kalebu jinis leksikologi semantik. Tetembungan-tetembungane diklompokake adhedhasar telung pepanthaneupacara pateg layon yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna.

Tetembungan sajrone upacara pateg layon kabeh cacah ana 346 tetembungan kang diklompokake miturut sipat sesambungane paradigmatik lan sintagmatike. Sadurunge digoleki sipat sesambungan paradigmatike luwih dhisik digoleki jinise sesambungan paradigmatike yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Sajrone upacara pateg ana tetembungan asli lan ora asli adhedhasar sipat netep lan ora netep sajrone sesambungan paradigmatik.

Tetembungan kang asipat netep sajrone titisiyaga ana 72 tetembungan, saengga tetembungan kang asipat netep iku kalebu tetembungan kang asli sajrone upacara pateg layon. Banjur tetembungan kang asipat netep sajrone titilaksana ana 70 tetembungan, uga kalebu tetembungan asli kang ana ing upacara pateg layon. Tetembungan kang asipat netep sajrone titipurna cacah ana 8 tetembungan minangka tetembungan asli sajrone upacara pateg layon. Saengga sajrone upacara pateg layon nduweni 150 tetembungan kang asli kang kasebar ing telung pepanthane upacara pateg layon. Dene sajrone upacara pateg layon nduweni 33 tetembungan kang ora asli adhedhasar sipat ora netepe upacara pateg layon sajrone sesambungan paradigmatik kang uga kasebar ing telung pepanthane upacara pateg layon.

## **Pamrayoga**

Panliten iki durung bisa njumuk sumbere teka ngendi ing tetembungan sing ora asli, sengaja ora diteliti amarga ngrasa pegu. Mula ing pangajab ana panliti sing bisa njinggleng ing bab-bab iku. Prelu panliten sing mligi ngenani asal-usule tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung kang adhedhasar semantik leksikal mligine sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Saliyane iku panliten iki uga mung nlliti bab tetembungan sajrone upacara pateg layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung. Mula diajab ing panliten sabanjure ana sing bisa nlliti upacara pateg layon sakabupaten Tulungagung lan nlliti upacara liyane supaya bisa luwih ngrembaka maneh.

## **KAPUSTAKAN**

Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.

- Aminuddin. 1998. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: CV. Sinar Baru.
- \_\_\_\_\_. 2008. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algesindo Offset.
- Bratawidjaja, Thomas Wiyasa. 1993. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Chaer, Abdul. 1994. *LINGUISTIK UMUM*. Jakarta: RINEKA CIPTA.
- \_\_\_\_\_. 1995. *PENGANTAR SEMANTIK BAHASA INDONESIA*. Jakarta: RINEKA CIPTA.
- \_\_\_\_\_. 2002. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: RINEKA CIPTA.
- \_\_\_\_\_. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: RINEKA CIPTA.
- \_\_\_\_\_. 2007. *Leksikologi & Leksikografi Indonesia*. Jakarta: Asdi Mahasatya.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chamidah, Nurul. 2015. *Set lan Kolokasi ngenani Cacade Awak*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.
- Cruse, D. Alan. 2004. *Meaning in Language: An Introduction to Semantics and Pragmatics*. Oxford: Oxford University Press.
- Desiani, Novi. 2016. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Dolanan*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.
- Djajasudharma, Fatimah. 1993. *Semantik 1: Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: ERESKO.
- \_\_\_\_\_. 1999. *Semantik 1: Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: Rafika Aditama.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Semantik 2: Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: Rafika Aditama.
- Ginjar, Bakdal dkk. 2013. *Dimensi dan Komponen Makna Medan Leksikal Verba Bahasa Indonesia yang Berciri (+Tindakan +Kepala +Manusia)*. *TransLing Journal: Translation and Linguistics*, 1, No 1, 65-75.
- Geoffreg, Leech. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Depdikbud.
- Koentjaraningrat. 1981. *Sejarah Antropologi*. Jakarta: Bulan Bintang.
- \_\_\_\_\_. 1984) *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: PN Balai Mustaka.
- Kridalaksana, Harimurti dan Bambang Kaswanti Purwo. "Linguistik Indonesia". *Masyarakat Linguistik Indonesia tahun 4 No. 7 Juli 1986*.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Lyons, John. 1995. *Pengantar Teori Linguistik di Indonesia oleh I. Soetikno dari Introduction to Theoretical Linguistics*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- \_\_\_\_\_. 1997. *Semantics: Volume 1*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Mahsun. 2014. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi Metode dan Tehniknya*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Mahendra, Raditya. 2011. *Filsafat Makna Dari Bagian-Bagian Ubo-Rampe Sebuah-Ritual-Jawa*. <http://karsonojawul.blog.uns.ac.id/2010/11/03/filsafat-makna-dari-bagian-bagian-ubo-rampe-sebuah-ritual-jawa>. Diakses tanggal 10 Desember 2016.
- Matthews, P. H. 1997. *The Concise Oxford Dictionary of Linguistics*. Nw York: Oxford University Press.
- Mu'afida, .2016. *Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Basa Jawa kang Ateges Tumindak*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.
- Mustofa, M. *Merawat Jenazah dan Kehisupan di Alam Barzah*. Tuban: Penerbit Almisbah Bangilan.
- Oka, I. G. N dan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

- Oka, I. G. N dan Muslich. 2010. *Perencanaan Bahasa Era Globalisasi*. Jakarta: PT. Bumi Aksara.
- Pairin, U. (2015). Ragam Basa Gadhen Ing Kutha Mojosari (Sosiolinguistik). *BARADHA*, 3(3).
- Parera, Jos Daniel. 1988. *SINTAKSIS*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- \_\_\_\_\_. 1991. *Sintaksis Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- \_\_\_\_\_. 2004. *Teori Semantik Edisi Kedua*. Jakarta: Erlangga.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Gelora Aksara Pratama.
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal Edisi Kedua*. Jakarta: Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Rahyono, F. X. 2011. *Studi Makna*. Jakarta: Penaku.
- Samsuri. 1994. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga.
- Saussure, Ferdinand de. 1998. *Pengantar Linguistik Umum* Terjemahan Rahayu S. Hidayat. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- \_\_\_\_\_. 2015. *Metode lan Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Surana, S. (2017). Inferensi Dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana. *FKIP e-PROCEEDING*, 237-244.
- Ullman, Steephen. 1997. (dadopsi oleh Sumarsono). *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Utami, Farida .2013. *Set lan Kolokasi sajrone Upacara Pangih Penganten*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.
- Verhar, J. W. M. 2010. *Asas-asas Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Waid, S. A. 2014. *Buku Lengkap Mengurus Jenazah*. Jogjakarta: Sabil.
- Wulandari, Badriyah. 2016. *Telaah Kehiponiman Verba Mencuri dalam Bahasa Indonesia*. *Jurnal Ilmiah Edukasi & Sosial*, 07,5-12.
- Zuhdi, A. 2012. *Merawat Jenazah Sesuai Syari'at Islam*. Surabaya: IAIN Sunan Ampel Press.